# Къахеташ, Къинхетамечу АллахIан цIарца!

Хьуна хаийла - АллахIа хьох къинхетам барг - вайн декхар хилар диъ хIума Iамадар:

1 - Хьалхарниг: Iилма ду. Iилма - АллахI вовзар ду, Цуьнан Пайхамар - Делера салават салам хуьлда цунна - вовзар ду, Ислам дин довзар ду шен делилашца (баххашца).
2 - ШолгIаниг: Оцу Iилманца Iамал яр ду.
3 - КхоалгIаниг: Оцу вайна доьвзинчуьнга нах кхайкхар ду.
4 - ДоьалгIаниг: Нах вайна доьвзинчуьнга кхойкхучу хенахь вайна хуьлуш йолчу халонна сатухуш, собаре хилар ду.

Оцу деа хIуманан делил, цунна тешалла ду АллахIан дош:

﴿ بِسْمِ اللهِ الرَّحْمنِ الرَّحِيمِ. وَالْعَصْرِ. إِنَّ الإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ إِلا الَّذِينَ آمَنُواْ وَ عَمِلُواْ الصَّالِحَاتِ وَ تَوَاصَوْاْ بِالْحَقِّ

وَ تَوَاصَوْاْ بِالصَّبْرِ ﴾ [سورة العصر: الآيات ١-٣ ]

**{Къахеташ, Къинхетамечу АллахIан цIарца! Хенаца (дуй буу Ас)! Баккъалла адам эшамехь ма ду. (АллахIах) теша а тешна , дика Iамал йинарш а, бакъонца весет динарш а, собарца весет динарш а боцурш}**. [Сурат "АлIаср" 1-3 аяташ].

Имама ШафиIийс - Дала къинхетам бойла цуьнах - хIокху сурат хьокъехь аьлла: "АллахIа Шен халкъана тешаллийна хIара сурат бен ца доссийнехь а, иза тоьар

дара царна тешалла хила (цуьнца Іамал ян)". Имама Бухарис - Дала къинхетам бойла цуьнах - аьлла: "Іилма Іамор Іамал ярал хьалха хилар довзайту баб (дакъа)".

Іилма Іамалал хьалха даккха дезаш хиларан тешалла ду АллахІан дош:

﴿فَاعْلَمْ أَنَّهُ لا إِلَهَ إِلا اللهُ وَ اسْتَغْفِرْ لِذَنْبِكَ﴾ [سورة محمد: الآية ١٩]

**{Хьуна хаийла АллахI воцург кхин дела цахилар, хьайн къинна гечдар а деха}** [Сурат "Мухьаммад" 19 аят].

ХІокху аятехь АллахІа Шен омру "Хаийла хьуна" аьлла, дашал а, Іамалал а хьалха Іилманца долийна.

Юха кхин а хаийла хьуна - АллахІа хьох къинхетам барг - хІора бусалба стагна а, зудчунна а тІехь хилар, хІинца вай дуьйцур долу кхо хІума Іамадар.

1 - Хьалхарниг: Вай АллахІа кхоьллина хилар, цул тІаьхьа Цо вайна рицкъа делла хилар, Цо вай тесна дитина цахилар а тидам боцуш. Муххале а, Цо вайна Пайхамар ваийтина. Цунна мутІахь хилларг ялсамане гІур ву, амма цунна Іеса хилларг жоьжахате а гІур а ву. Оцунна тешалла ду АллахІан дош:

﴿إِنَّآ أَرْسَلْنَا إِلَيْكُمْ رَسُولا شَهِدًا عَلَيْكُمْ كَمَآ أَرْسَلْنَا إِلَى فِرْعَوْنَ رَسُولا . فَعَصَى فِرْعَوْنُ الرَّسُولَ فَأَخَذْنَهُ أَخْذًا وَبِيلا﴾ [سورة المزمل: الآيتان ١٥-١٦ ]

**{Оха шуна Элча ваийтина, шуна тІехь теш а волуш, ФирІавн волча Оха элча вахайтарх терра, ткъа ФирІавн элчанна Іеса хилира, тІаккха Оха иза (ФирІавн) хІаллаквеш долчу лацарца лецира}**
[Сурат "Алмуззаммил" 15-16 аяташ].

2 - ШолгIаниг: АллахI реза вац Шеца накъост варна, хилайла иза малайкашна Iибадат дарца, я пайхамарашна Iибадат дарца.(1) Тешалла ду АллахIан дош:

﴿وَ أَنَّ الْمَسَاجِدَ لِلهِ فَلا تَدْعُوا مَعَ اللهِ أَحَدًا﴾ [سورة الجن: الآية ١٨]

**{Баккъалла, маьждигаш АллахIан ду, ткъа аша ма кхайкха АллахIаца цхьанга а}** [Сурат "Алджинн" 18 аят].

3 - КхоалгIаниг: Делан Элчанна - Делера салават салам хуьлда цунна - муьтIахь волчунна, Дела цхьаъ веш волчунна мегаш дац, Далла а, Делан Элчанна - Делера салават салам хуьлда цунна - дуьхьал ваьллачунца гергарло лелор, иза шен уггара гергара стаг велахь а.

Цунна тешалла АллахIан дош ду:

﴿لا تَجِدُ قَوْمًا يُؤْمِنُونَ بِاللهِ وَ الْيَوْمِ الآخِرِ يُوَادُّونَ مَنْ حَادَّ اللهَ وَ رَسُولَهُ وَ لَوْ كَانُوا ءَابَاءَهُمْ
أَوْ أَبْنَاءَهُمْ أَوْ إِخْوَانَهُمْ أَوْ عَشِيرَتَهُمْ أُولَئِكَ كَتَبَ اللهُ فِي قُلُوبِهِمُ الإِيمَانَ وَ أَيَّدَهُمْ بِرُوحٍ مِّنْهُ وَ
يُدْخِلُهُمْ جَنَّتٍ تَجْرِى مِنْ تَحْتِهَا الأَنْهَارُ خَلِدِينَ فِيهَا رَضِيَ اللهُ عَنْهُمْ وَ رَضُوا عَنْهُ أُولَئِكَ
حِزْبُ اللهِ أَلآ إِنَّ حِزْبَ اللهِ هُمُ الْمُفْلِحُونَ﴾ [سورة المجادلة: الآية ٢٢]

**{Хьуна карор дац къам, АллахIах а, Къемат дийнах а теша а тешаш, АллахIана а Цуьнан Элчанна а дуьхьало еш берш (дов лелош берш) безаш долу,**

---

(1) Цхьаболчу наха, я малайкашна Iибадат деш, я пайхамарашна Iибадат деш АллахIаца накъостий лецна Iибадат дарехь. Масала, керста наха Iийса-пайхамарах Дела вина, цунна Iибадат до цара. Иштта кхечара малайкашка орца доьху, я уьш Делан йоIарий бу олу, я АллахIе бен далуш доцу хIуманаш, цаьрга дало моьттуш лела. Оцу кепара, пайхамаршкара а гIо лоьху, я цаьрга шайн хьашташ кхочуш дар доьху. Ткъа массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш волу АллахI, адамашка Шегара гIо доцург гIо дац шуна, Ша делларг бен рицкъа дац шуна аьлла волу АллахI Дела реза вац оцу хIуманашна. Муха хир ву Иза реза, Цо адамаш а, жинаш а Шена цхьанна Iибадат дайта бен кхоьллина ца хилча? (Гочдархо).

**уьш шайн дай белахь а, я шайн кІентий, я шайн вежарий, я шайн тайпана (белахь а). Уьш (бусалба динна дуьхьал болчарца гергарло ца лелош берш) АллахІа шайн дегнашкахь Иман яздинарш бу. (Цо) уьш чІагІбина шегарцу сица (Жабраилца), (Цо) уьш бохуьйтур а бу, шайна кІелхула татолаш лелачу бошмашка (ялсамане), даим цу чохь хир а болуш. АллахІ реза хили царна, уьш Цунна реза а хили. Уьш бу АллахІан тобанах, ткъа АллахІан тоба баккъалла декъал ю}** [Сурат "Алмуджадалат" 22 аят].

Хьуна хаийла - АллахІа хьо Шена муьтІахь хиларе нисварг - ИбрахІима-Пайхамаран миллат, хьанифийн дин иза ахь АллахІана даггара Іибадат дар хилар. АллахІана цхьанна, даггара Іибадат дар - и ду АллахІа массо нахана омру дина тІедиллинарг, иза бахьанехь адамаш кхоьллинарг а.
АллахІа Къуръан чохь ма аллара:

﴿وَ مَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَ الإِنْسَ إِلا لِيَعْبُدُونِ﴾ [سورة الذاريات: الآية ٥٦]

**{Аса ца кхоьллина жинаш а адамаш а, цаьрга Сайна Іибадат дайта бен}**
[Сурат "Аззарийат" 56 аят].

"Сайна Іибадат дайта" бохучуьнан маьІна - "Со цхьаъ вайта" бохург ду.

Ткъа АллахІа омра динчарех уггар доккханиг "тавхьид" ду, цуьнан маьІна: Іибадат дарехь АллахІ цхьаъ вар ду.

Иштта, АллахІа ца магийначех уггар доккханиг "ширк" ду, цуьнан маьІна: АллахІ воцучунна Іибадат дар ду, Цуьнца кхечуьнга кхайкхар санна.

Цунна тешалла АллахIан дош ду:

﴿وَ اعْبُدُواْ اللهَ وَ لا تُشْرِكُواْ بِهِ شَيْئًا ﴾ [سورة النساء: الآية ٣٦]

**{(Аш) Iибадат де АллахIана, цхьа а хIуманца Цуьнца накъост а ма ве}**

[Сурат "Аннисаъ" 36 аят].

Ткъа нагахь санна хьоьга алахь: адамана бовза безаш болу кхо бух хIун бу? Ахь ала: Лайна шен Дела а, шен дин а, шен Пайхамар Мухьаммад а - Делера салават салам хульда цунна - вовзар бу.

# Хьалхара бух – АллахI Дела вовзар

Ткъа нагахь санна хьоьга алахь: хьан Дела мила ву? Ахь ала: сан Дела АллахI ву, со а, дерриге Iаламаш а Шен ниIматашца кхиийна волу. Иза ву ас Шена Iибадат деш верг, Иза воцург кхи Iибадат дан цхьа а вац сан. Цунна тешаллийна АллахIан дош ду:

﴿الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَٰلَمِينَ﴾ [سورة الفاتحة: الآية ٢]

**{Хастам бу АллахIана, Iаламийн Элана}** [Сурат "Алфатихьат" 2 аят].

АллахI воцург кхидолу массо хIума Iаламашна юкъадогIуш ду, иштта со а ву оцу Iалам юкъара.

Нагахь санна хьоьга алахь: хьуна хьайн Дела муха воьвзина? Ахь ала: Суна Иза Цуьнан аяташца (билгалонашца) а, Цо кхоьллинчу хIуманашца а воьвзина. Цуьнан аятех (билгалонех) ду: буьйса а, де а, малх а, бутт а.

Цо кхоьллинчу хIуманех ду: ворхI стигал а, ворхI латта а, цаьршинна чохь дерг а цаьршинна юкъахь дерг а. Цунна тешаллийна АллахIан дош ду:

﴿وَمِنْ ءَايَٰتِهِ الَّيْلُ وَالنَّهَارُ وَالشَّمْسُ وَالْقَمَرُ لَا تَسْجُدُوا لِلشَّمْسِ وَلَا لِلْقَمَرِ وَاسْجُدُوا لِلَّهِ الَّذِى خَلَقَهُنَّ إِنْ كُنتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ﴾ [سورة فصلت: الآية ٣٧]

**{Цуьнан билгалонех ду буьйса а, де а, малх а, бутт а. Ма де суджуд малхана, я баттана, (амма) суджуд де АллахIана, уьш кхоьллина волчу, нагахь шаьш Цунна Iибадат деш делахь}**. [Сурат "Фуссилат" 37 аят].

Иштта кхин а аьлла Дала Къуръан чохь:

﴿إِنَّ رَبَّكُمُ اللهُ الَّذِى خَلَقَ السَّموتِ وَ الأَرْضَ فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوَى عَلَى الْعَرْشِ يُغْشِى الَّيْلَ النَّهَارَ يَطْلُبُهُ حَثِيثًا وَ الشَّمْسَ وَ الْقَمَرَ وَ النُّجُومَ مُسَخَّرَاتٍ بِأَمْرِهِ أَلَا لَهُ الخَلْقُ وَ الأَمْرُ تَبَارَكَ اللهُ رَبُّ العَلَمِينَ﴾ [سورة الأعراف: الآية ٥٤]

**{Баккъалла шун Дела ву, стигланаш а латта а ялх дийнахь кхоьллинарг , цул тӀаьхьа Иза нисвелла Ӏарша тӀехь, Цо буьйса денна тӀетосу, цо (буьйсано) иза (де) сихонца лоху. Малх а, бутт а, седарчий а, Цо муьтӀахь дина Шен омрунца, Цуьнан карахь ду кхоллар а, болх а. Беркате ву АллахӀ, Ӏаламийн Эла (Дела)}.** [Сурат "АлъаӀраф" 54 аят].

Дела бохург - шена кхечу наха Ӏибадат дийриг бохург ду. Иза иштта хилар гойту АллахӀан дашо:

﴿يَأَيُّهَا النَّاسُ اعْبُدُوا رَبَّكُمُ الَّذِى خَلَقَكُمْ وَ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ. الَّذِى جَعَلَ لَكُمُ الأَرْضَ فِرَاشًا وَ السَّمَاءَ بِنَاءً وَ أَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَاءً فَأَخْرَجَ بِهِ مِنَ الثَّمَرَاتِ رِزْقًا لَكُمْ فَلَا تَجْعَلُوا لِلَّهِ أَنْدَادًا وَ أَنْتُمْ تَعْلَمُونَ﴾ [سورة البقرة: الآيتان ٢١-٢٢]

**{ХӀай адамаш, Ӏибадат де шайн Далла, шу а шул хьалхарниш а кхоьллина волчу, шу хила мега тӀаккха (Цуьнах) кхоьруш (аш Цунна Ӏибадат дича). (Аш Ӏибадат де АллахӀана) шуна латта мотт санна дина волчу, стигал а гӀишло санна йина волчу, стиглара хи а доссийна цуьнца стоьмаш а баьхна (лаьттара хьала) шуна рицкъанна, ткъа аш ма бойла АллахӀаца накъостий, шаьш хууш доллушехь (и дан ца мегий)}** [Сурат "Албакъарат" 21-22 аяташ].

ХӀокху аятан тафсирехь Ибну-Касира - Дала

къинхетам бойла цуьнах - аьлла: "И хIумнаш кхоьллина верг - Иза ву Шена Iибадат дан хьакъ долуш верг".

АллахIа тIедехкина долчу Iибадатан дакъош - Ислам, Иман, Ихьсан а санна долу, иштта доIа дар а, кхерар а, догдахар а, болх тIебиллар а, безам хилар а, цабезам хилар а, гIолахар а, хьаставалар а, тIетовжар а, Iалашвар дехар а, гIо дехар а, хьайбанна урс хьакхар а, чIагIо яр а, иштта кхин долу Iибадаташ а АллахIа тIедехкина долу, уьш массо а цхьа АллахIан доьхьа хила дезаш ду. Тешалла АллахIан дош ду:

﴿وَأَنَّ الْمَسَٰجِدَ لِلَّهِ فَلَا تَدْعُوا۟ مَعَ ٱللَّهِ أَحَدًا﴾ [سورة الجن: الآية ١٨]

**{Баккъалла маьждигаш АллахIан ду, аш маккхайкха АллахIаца кхечуьнга цхьаьнга а}** [Сурат "Алджинн" 18 аят].

Оцу Iибадатех цхьаъ делахь а кхечуьнга дерзийнарг - иза АллахIаца накъост веш хуьлу Iибадат дарехь, куфр деш а хуьлу. Тешалла ду АллахIан дош:

﴿وَمَنْ يَدْعُ مَعَ اللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ لَا بُرْهَانَ لَهُ بِهِ فَإِنَّمَا حِسَابُهُ عِنْدَ رَبِّهِ إِنَّهُ لَا يُفْلِحُ الْكَافِرُونَ﴾

[سورة المؤمنون: الآية ١١٧]

**{АллахIаца кхечу деле кхойкхуш верг - шегахь цхьа тешалла а доцуш - баккъалла а цуьнан хьесап дар цуьнан Делехь ду, баккъалла а декъал хир бац керстанаш (куфр деш берш)}** [Сурат "Алмуъминун" 117 аят].

Хьадисехь деана ду: "Дехар, доIа дар - Iибадатан тIум ю".

Цунна тешаллийна АллахIан дош а ду:

﴿وَ قَالَ رَبُّكُمُ ادْعُونِى أَسْتَجِبْ لَكُمْ إِنَّ الَّذِينَ يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِى سَيَدْخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ﴾ [سورة غافر: الآية ٦٠]

**{Шун Дала аьлла: Соьга деха, доIа де, Ас жоп лур ду шуна. Баккъалла а, Суна Iибадат дарх куралла еш берш гIур бу жоьжагIате аьшнаш бина сийсаз а болуш}** [Сурат "ГIафир" 60 аят].

АллахIах бен кхера ца везаран тешалла ду Цуьнан дош:

﴿فَلَا تَخَافُوهُمْ وَ خَافُونِ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ﴾ [سورة آل عمران: الآية ١٧٥]

**{Шу ма кхера церах, шу кхера Соьх, нагахь санна шу тешаш делахь (Соьх)}** [Сурат "ААлIимран" 175 аят].

Догдахаран тешалла ду АллахIан дош:

﴿فَمَنْ كَانَ يَرْجُوا لِقَآءَ رَبِّهِ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا صَالِحًا وَ لَا يُشْرِكْ بِعِبَادَةِ رَبِّهِ أَحَدًا﴾ [سورة الكهف: الآية ١١٠]

**{Ткъа шен Далла ша дуьхьалкхетаре догдохуш волчо йойла дика Iамал, ша шен Далла Iибадат дарехь накъост а ма войла цо}** [Сурат "АлкахIф" 110 аят].

БолхтIебилларан тешалла ду АллахIан дош:

﴿وَعَلَى اللهِ فَتَوَكَّلُوا إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ﴾ [سورة المائدة: الآية ٢٣]

**{АллахIана тIебилла болх нагахь санна шу тешаш делахь (Цуьнах)}** [Сурат "Алмаидат" 23 аят].

Иштта оцунна тешаллийна кхин а цхьа аят ду:

﴿ وَ مَنْ يَتَوَكَّلْ عَلَى اللهِ فَهُوَ حَسْبُهُ ﴾ [سورة الطلاق: الآية ٣]

**{АллахIана тIе болх биллинчунна - Иза кхачам болуш тоьаш ву цунна}** [Сурат "АттIалакъ" 23 аят].

Безам хиларан а цабезам хиларан а, хьаставаларан а тешалла ду АллахIан дош:

﴿ إِنَّهُمْ كَانُوا يُسَارِعُونَ فِي الْخَيْرَاتِ وَيَدْعُونَنَا رَغَبًا وَرَهَبًا وَكَانُوا لَنَا خَاشِعِينَ ﴾ [سورة الأنبياء: الآية ٩٠]

**{Баккъалла а уьш бара диканаш дарехь сихо еш, Тхоьга (АллахIе) кхойкхуш а бара, безам а болуш (массо дикачу хIуманехь), цабезам а болуш (массо вочу хIуманехь), Тхуна хьастабелла (АллахIан сий деш Цунна муьтIахь) а бара уьш}** [Сурат "Алъанбияъ" 90 аят].

АллахIах дагчохь кхера везаран тешалла АллахIан дош ду:

﴿ فَلَا تَخْشَوْهُمْ وَاخْشَوْنِي ﴾ [سورة البقرة: الآية ١٥٠]

**{Ма кхера шу церах, Соьх кхера}** [Сурат "Албакъара" 150 аят].

АллахIе дерза дезаран тешалла ду АллахIан дош:

﴿ وَأَنِيبُوا إِلَى رَبِّكُمْ وَأَسْلِمُوا لَهُ ﴾ [سورة الزمر: الآية ٥٤]

**{Шу дерза шайн Деле, Цунна муьтIахь а хила}** [Сурат "Аззумар" 54 аят].

ГIо дехаран тешалла ду АллахIан дош:

﴿إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَ إِيَّاكَ نَسْتَعِينُ﴾ [سورة الفاتحة: الآية ٥]

**{Хьуна цхьанна Iибадат а до оха, Хьоьгара цхьаьнгара гIо а доьху оха}**
[Сурат "Алфатихьат" 5 аят].

Хьадисехь а деана ду: "Айхьа гIо лахахь АллахIера лаха хьайна гIо, Цуьнгара деха а деха".

Iалашвар АллахIе деха дезаран тешалла ду АллахIан дош:

﴿قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ. مَلِكِ النَّاسِ﴾ [سورة الناس: الآيتان ١-٢]

**{Ахь ала: со ларло адамийн Эла волчуьнца (АллахIаца), адамийн Паччахьца}** [Сурат "Аннас" 1-2 аят].

Орца лахаран тешалла ду АллахIан дош:

﴿إِذْ تَسْتَغِيثُونَ رَبَّكُمْ فَاسْتَجَابَ لَكُمْ﴾ [سورة الأنفال: الآية ٩]

**{Аша шайн Деле орца доьхучу хенахь Цо жоп делира шуна}**
[Сурат "Алъанфал" 9 аят].

Хьайбанна урс хьакхаран (гIурба деран) тешалла АллахIан дош ду:

﴿قُلْ إِنَّ صَلاتِى وَ نُسُكِى وَ مَحْيَاىَ وَ مَمَاتِى للهِ رَبِّ الْعلَمِينَ. لا شَرِيكَ لَهُ وَ بِذلِكَ أُمِرْتُ وَ أَنَا أَوَّلُ الْمُسْلِمِينَ﴾ [سورة الأنعام: الآيتان ١٦٢-١٦٣].

**{Ахь ала: баккъалла сан ламаз а, сан урс хьакхар а, сан вахар а, сан валар а, Iаламийн Эла волчу АллахIан доьхьа ду. Накъост вац Цуьнца. Оцуьнца**

**омру дина ду суна, со доьххьара бусалба а ву}** [Сурат "АлъанIам" 162-163 аят].

Суннатера тешалла ду Пайхамаран - Делера салам маршалла хуьлда цунна - дош:

"АллахIа неIалт аьлла АллахI а воцуш кхечуьна доьхьа урс хьакхначунна (кхечуьна доьхьа сагIа дийначунна).

ЧIагIо яран тешалла ду АллахIан дош:

﴿يُوفُونَ بِالنَّذْرِ وَيَخَافُونَ يَوْمًا كَانَ شَرُّهُ مُسْتَطِيرًا﴾ [سورة الإنسان: الآية ٧].

**{Цара кхочуш йо шаьш йина йолу чIагIо, уьш кхера а кхоьру шен вон дIасадаьржар долчу дийнах}** [Сурат "Алъинсан" 7 аят].

# ШолгӀа бух - шен баххашца бусалба дин довзар.

Бусалба дин - иза АллахӀ цхьаъ варца Цунна муьтӀахь хилар ду, цо аьлларг деш хилар а ду, Цуьнца накъост варах а ширкан охӀлунах а цӀена хилар а ду.

Бусалба дин кхаа даржехь ду: Ислам, Иман, Ихьсан. Оцу кхаа даржах хӀоранне а ше-шен арканаш (бӀогӀамаш) ду.

***Бусалба динан хьалхара дарж - Ислам.***

Исламан арканаш пхиъ ду:

1) тешалла дар АллахӀ воцург кхин дела вац аьлла, Мухьаммад АллахӀан элча а ву аьлла;
2) ламаз дар;
3) закат далар;
4) мархи бутт кхабар;
5) АллахӀан цӀентӀе хьадж дар.

АллахӀ воцург кхин дела вац аьлла тешалла дан дезаран далил АллахӀан дош ду:

﴿شَهِدَ اللهُ أَنَّهُ لا إِلَهَ إِلَّا هُوَ وَ الْمَلَئِكَةُ وَ أُوْلُوا الْعِلْمِ قَائِمًا بِالْقِسْطِ لا إِلَهَ إِلا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ﴾ [سورة آل عمران: الآية ١٨]

**{Тешалла дина АллахӀа Ша воцург кхин дела вац аьлла, малайкаша а дина, Ӏилман дайша а дина, нийсонна тӀехь латташ ву АллахӀ, кхин Дела вац иза воцург, Нуьцкъала а Хьекъале а волу}** [Сурат "ААлӀимран" 18 аят]

Цуьнан маьІна - цхьа а вац шена Іибадат дан хьакъ волуш цхьа АллахІ воцург бохург ду. "ЛаилахІа" - цхьа а Дела вац бохучу дашо дІадоккху АллахІ а витина шена Іибадат мел деш долу хІума, "иллаллахІ" - АллахІ воцург бохучу дашо чІагІдо цхьана АллахІана Іибадат дан дезар, Цуьнца Іибадат дарехь накъост а ца веш, Цуьнан паччахьаллехь Цуьнца накъост ца хиларе терра.

И аят туьду АллахІан кхечу дашо:

﴿وَ إِذْ قَالَ إِبْرَاهِيمُ لأَبِيهِ وَ قَوْمِهِ إِنَّنِى بَرَآءٌ مِمَّا تَعْبُدُونَ. إِلا الَّذِى فَطَرَنِى فَإِنَّهُ سَيَهْدِينِ. وَ جَعَلَهَا كَلِمَةً بَاقِيَةً فِى عَقِبِهِ لَعَلَّهُم يَرْجِعُونَ﴾ [سورة الزخرف: الآيات ٢٦–٢٨].

**{ИбрахІима аьлча шен дега а шен къоме а: со цІена ву аш Іибадат дечух, со кхоьллинарг воцучах (кхечарех цІена ву со) Цо со нисвийр ву. Цо (ИбрахІима) цуьнах (ша аьллачу дашах) дира шел тІаьхьа шен тІаьхьлонна дуьссур долу дош, уьш (цуьнан да а къам а) юха боьрзур бацара те аьлла}** [Сурат "Аззухруф" 26-28 аят].

Кхечу АллахІан дашо а:

﴿قُلْ يَاأَهْلَ الْكِتَابِ تَعَالَوْا إِلَى كَلِمَةٍ سَوَاءٍ بَيْنَنَا وَ بَيْنَكُمْ أَلاَّ نَعْبُدَ إِلاَّ اللهَ وَ لا نُشْرِكَ بِهِ شَيْئًا وَ لاَ يَتَّخِذَ بَعْضُنَا بَعْضًا أَرْبَابًا مِنْ دُونِ اللهِ فَإِنْ تَوَلَّوْا فَقُولُوا اشْهَدُوا بِأَنَّا مُسْلِمُونَ﴾ [سورة آل عمران: الآية ٦٤].

**{Ахь ала: хІай жайни охІла, дуьйла тхуна а шуна а цхьатерра долчу даше: вай, АллахІ воцучунна Іибадат а ца дан, Цуьнца цхьа хІуманца накъост а ца ван, АллахІ а витина вай вовши эланаш а ца деш. Ткъа нагахь санна уьш юха бовлахь аш ала (цаьрга): тешалла де тхо бусалба хиларца}** [Сурат "АлІимран" 64 аят].

Мухьаммад АллахIан элча ву аьлла тешалла даран далил АллахIан дош ду:

﴿لَقَدْ جَاءَكُمْ رَسُولٌ مِنْ أَنْفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُمْ بِالْمُؤْمِنِينَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ﴾ [سورة التوبة: الآية ١٢٨].

**{Шуна веъна элча, шух шайха волу, йазло цунна шуна хуьлу халонаш, кхоаме, тIаламе ву иза шуьца, муъмининашца (АллахIах тешаш болчаьрца) эсала а къинхетаме а ву иза}** [Сурат "Аттавбат" 128 аят].

Мухьаммад АллахIан элча ву бохучуьнан маьIна ду: цо омру динчунна муьтIахь хилар, цо дийцинчу хIуманна тIехь иза бакъ вар, цо маде аьллачу хIумнах ларвалар, цо де аьллачу кепара бен АллахIана Iибадат ца дар.

Ламазан а, закатан а, тавхьидан маьIнан а тешалла ду АллахIан дош:

﴿وَ مَا أُمِرُوا إِلاَّ لِيَعْبُدُوا اللهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ حُنَفَاءَ وَ يُقِيمُوا الصَّلَوةَ وَ يُؤتُوا الزَّكَوةَ وَ ذَلِكَ دِينُ الْقَيِّمَةِ﴾ [سورة البينة الآية ٥]

**{Царна омра дина дацара АллахIана Iибадат де аьлла бен, динлелор цIенчу даггара Цуьнан доьхьа долуш, хьанифаш (ИбрахIиман дин тIехь АллахIана цхьанна Iибадат деш берш) санна, ламаз а де закат а ло аьлла а бен. Иза ду нийса дин}**
[Сурат "Албаййинат" 5 аят].

Марха кхабаран тешалла ду АллахIан дош:

﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ﴾

[سورة البقرة: الآية ١٨٣].

**{ХIай муъмининаш (АллахIах тешаш дерш) шуна тIе яздина (тIедиллина) ду марха кхабар, шул хьалха хиллачарна яздаре терра, шу хир дацара-те кхоьруш (АллахIах)}** [Сурат "Албакъарат" 183 аят].

Хьадж даран тешалла ду АллахIан дош:

﴿وَلِلَّهِ عَلَى النَّاسِ حِجُّ الْبَيْتِ مَنْ اسْتَطَاعَ إِلَيْهِ سَبِيلاً وَمَنْ كَفَرَ فَإِنَّ اللهَ غَنِيٌّ عَنِ الْعَلَمِينَ﴾ [سورة آل عمران: الآية ٩٧].

**{АллахIана (хьакъ) ду нахана тIехь хьадж дар, новкъа ваха ницкъ кхаьчначо, ткъа цхьамма керстналла дахь - АллахI Iаламера хIумма оьшуш вац}**
[Сурат "АлIимран" 97 аят].

***Бусалба динан шолгIа дарж - Иман.***

Иманан кхузткъеитт а кхин масех а дакъа ду, церах уггар дезаниг "лаилахIа иллаллахI" алар ду, уггар лахарниг новкъара нех дIаяккхар ду, эхь хетар а ду Иманан цхьа дакъа.

Иманан арканаш ялх ду: Делах тешар а, Цуьнан малайкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, къемат дийнах а, къадрах (билгалдаккхархь) тешар а, цуьнан диканах а вонах.

Оцу арканийн тешалла ду АллахIан дош:

﴿لَيْسَ الْبِرَّ أَن تُوَلُّواْ وُجُوهَكُم قِبَلَ الْمَشْرِقِ وَ الْمَغْرِبِ وَ لَكِنَّ الْبِرَّ مَنْ آمَنَ بِاللهِ وَ الْيَوْمِ الآخِرِ وَ الْمَلَئِكَةِ وَ الْكُتُبِ وَ النَّبِيِّينَ﴾ [سورة البقرة: الآية ١٧٧].

**{Дикалла, суъпалла яц аш шайн яххьаш малхбалехьа а малхбузехьа а ерзор, амма дикалла ю АллахIах тешар а, тIаьхьарчу (къемат) дийнах а, малайкех а, жайнех а, элчанех тешар а}** [Сурат "Албакъарат" 177 аят].

Къадран (билгалдаккхаран) тешалла ду АллахIан дош:

﴿إِنَّا كُلَّ شَيْءٍ خَلَقْنَهُ بِقَدَرٍ﴾ [سورة القمر: الآية ٤٩].

**{Баккъалла а Оха массо хIума кхоьллина билгалдаккхарца}**
[Сурат "Алкъамар" 49 аят].

***Бусалба динан кхоалгIа бух - Ихьсан.***

Ихьсанан цхьа рукн ду, иза - ахь АллахIана Iибадат дар ду хьайна Иза гуш волуш санна, ткъа хьуна Иза гуш вацахь а Цунна хьо гуш ву.

Тешаллийна ду АллахIан дош:

﴿إِنَّ اللهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقوا وَّ الَّذِينَ هُم مُّحْسِنُونَ﴾ [سورة النحل: الآية ١٢٨].

**{Баккъалла а АллахI Шех кхоьруш болчаьрца а ву, мухьсининашца (Ша гуш волуш санна Шена Iибадат деш болчарца а, нахана дика деш болчарца) а ву}** [Сурат "Аннахьл" 128 аят].

Кхин а АллахIан дош ду:

﴿وَ تَوَكَّلْ عَلَى الْعَزِيزِ الرَّحِيمِ. الَّذِى يَرَاكَ حِينَ تَقُومُ. وَ تَقَلُّبَكَ فِى السَّاجِدِينَ. إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ﴾ [سورة الشعراء: الآيات ٢١٧–٢٢٠].

**{Ахь болх тIе билла Нуьцкъала а Къинхетаме а волчунна , хьо гуш волчунна хьо лаьттачу хенахь (ламазехь), суджудаш деш болчарна юкъахь хьо дIасахьийзаш а (гуш волчунна), баккъалла а Иза ву Хезаш а Хууш а верг}** [Сурат "АшшуIараъ" 217-220 аяташ].

Кхин а АллахIан дош ду:

﴿وَ مَا تَكُونُ فِى شَأْنٍ وَ مَا تَتْلُواْ مِنْ قُرْءَانٍ وَ لاَ تَعْمَلُونَ مِنْ عَمَلٍ إِلاَّ كُنَّا عَلَيْكُمْ شُهُودًا إِذْ تُفِيضُونَ فِيهِ﴾ [سورة يونس: الآية ٦١].

**{Хьо цхьа а хьолехь хуьлуш а вац, ахь цхьа (дакъа) Къуръан ца доьшу, аш цхьа а Iамал а ца йо Тхо шуна тIехь тешаш долуш бен шу и хIумнаш дан дуьйлалучу хенахь (а, дечу хенахь а)}** [Сурат "Юнус" 61 аят].

Суннатера тешалла ду массарна девзаш долу Жабраил малайкан хьадис, ХаттIаба кIанта Iумара - Дела реза хуьлда цунна - дийцина долу. Iумара элира: "Тхо Делан Элчанна - Делера къинхетам а маршалла а хуьлда цунна - уллехь хоьвшина Iаш долчу хенахь тхуна тIе веара цхьа стаг, чIогIа кIай духар дуьйхина а волуш, чIогIа Iаьржа месаш а йолуш, шена тIехь гуш цхьа а некъан лар а йоцуш, тхуна цхьанненна а воьвзаш а воцуш. Пайхамарна - Делера къинхетам а маршалла а хуьлда цунна - улло охьахиира иза,
шен ши гола цуьнан голех а хIуттуш, шен ши куьг

цуьнан шина варе тIе а дуьллуш. ТIаккха цо элира: ХIай Мухьаммад! Исламах лаьцна дийцахьа суна. ТIаккха Пайхамара элира: Иза ахь тешалла дар ду АллахI воцург кхин дела вац аьлла, Мухьаммад Цуьнан элча а ву аьлла, ахь ламаз дар а ду, закат далар а ду, марха кхабар а ду, новкъа ваха хьайн ницкъ кхачахь хьадж дар а ду. ТIаккха цо элира: Бакъ лоь хьо. ТIаккха тхо цуьнах цецдевлира - цуьнга хетта а хоьттуш иза бакъвеш вукха иза аьлла! ТIаккха цо элира: Иманах лаьцна дийцахьа суна. Пайхамара элира: Иза хьо тешар ду АллахIах а, Цуьнан малайкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, тIаьхьарчу (къемата) дийнах а, къадрах (билгалдаккхарх) а - цуьнан диканах а вонах а. ТIаккха цо элира: Бакъ лоь хьо. ТIаккха Ихьсанах лаьцна дийцахьа суна. Пайхамара элира: Иза ахь Iибадат дар ду - хьайна АллахI гуш волуш санна, ткъа хьуна Иза гуш вацахь а Цунна хьо гуш ву. Цо элира: Къемата дийнах лаьцна дийцахьа суна. Пайхамара элира: Шега хоьттуш верг хаттарш дечул сов цуьнах лаьцна хIумма а хууш вац. ТIаккха цо элира: цуьнан билгалонех лаьцна дийцахьа суна. Пайхамара элира: лай йолчу зудчо шен эла яр а, когаш Iуьйра, тIейуха хIума йоцуш хилла болу къен-миска жаIуй гIишлош ярехь къийсалуш хьуна гар а. ТIаккха иза дIавахара, тхо диссира. ТIаккха Пайхамара элира: ХIай Iумар, хеттарш деш хилларг мила вара хаьий хьуна? Ас элира: АллахI а Цуьнан Элча а ву дика хууш верг. Пайхамара элира: Иза Жабраил дара, шуна шун динан болх Iамо деана".

**КхоалгIа бух - Вайн Пайхамар Мухьаммад - Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна - вайна вовзар.**

Иза ХIашима кIента IабдулмуттIалиба кIента IабдуллахIа кIант Мухьаммад ву. ХIашим Къурайши тайпанах ву, Къурайши тайпа Iаьрбой бу, ткъа Iаьрбой - АллахIан доттагI хиллачу ИбрахIим-Пайхамаран кIента ИсмаIилан тIаьхьенах бу - Делера салават а, салам маршалла а хуьлда цаьршинна а вайн Пайхамарна а -.

Пайхамар кхузткъе кхаа шарахь ваьхна, шовзткъа шарахь шега пайхамаралла далале, ткъе кхаа шарахь пайхамар а элча а волуш.
Цуьнга пайхамаралла делла "Икъраъ" - "Деша" бохучу суратца, ткъа цуьнах элча вина "Муддассир" - "ДIахьарчинарг" бохучу суратца.

Цуьнан шахьар Макка ю. АллахIа иза ваийтина нах ширках ларбеш, тавхьиде кхойкхуш.

Цуьнан тешалла ду АллахIан дош:

﴿يَا أَيُّهَا الْمُدَّثِّرُ. قُمْ فَأَنذِرْ. وَرَبَّكَ فَكَبِّرْ. وَثِيَابَكَ فَطَهِّرْ. وَالرُّجْزَ فَاهْجُرْ. وَلَا تَمْنُنْ تَسْتَكْثِرُ. وَلِرَبِّكَ فَاصْبِرْ﴾ [سورة المدث: الآيات ١-٧].

**{ХIай дIахьаьрчинарг, хьалагIатта, кхерам хилар дIа а хьеде. Хьайн Дела ваз а ве. Хьайн бедарш цIан а йе. ЦIена йоцучу хIумнах хьой хер а ве. Айхьа деш долу дика цул дукха хьайна юха хила лууш а ма де. Хьайн Делан доьхьа собар а де}** [Сурат "Алмуддассир" 1-7 аяташ].

"ХьалагIатта, кхерам ло" бохучуьнан маьIна ду - Цо кхерам балар а Делаца накъост варха, Дела цхьаъ варе кхайкхар а.

"Хьайн Дела ваз а ве" бохучуьнан маьIна - ахь Иза вазве цхьаъ варца бохург ду.

"Хьайн бедарш цIан а йе" бохучуьнан маьIна - хьайн Iамалш ширках цIан йе бохург ду.

"ЦIена йоцучу хIумнах хьой хер а ве" бохучуьнан маьIна – цIух (жаIарех) хер ло бохург ду, церах хервалар уьш Iад йитар а ду, церах а царна Iибадат дечу нахах цIена хилар а ду.

ХIокху кхайкхаме - тавхьиде - кхойкхуш итт шо даьккхина Пайхамара -Делера салават салам хуьлда цунна -, тIаккха итт шо даьллачул тIаьхьа стигала хьалаваьккхина иза Дала, пхи ламаз тIе а диллина цунна цигахь.

Маккахь кхаа шарахь Iийна иза ламаз парз динчултIаьхьа, тIаккха Мадинате хIижрат де аьлла омру дина цунна АллахIа.

ХIижрат - иза АллахIаца накъост вечу махкара бусалба дин лелочу махка кхалхар ду. АллахIаца накъост вечу махкара бусалба дин лелочу махка хIижрат дар хIокху умматана тIехь парз а ду, къемат де даллалц лаьттар долуш а ду.

Тешалла ду АллахIан дош:

﴿إِنَّ الَّذِينَ تَوَفَّهُمُ الْمَلَٰئِكَةُ ظَالِمِي أَنْفُسِهِمْ قَالُوا فِيمَ كُنْتُمْ قَالُوا كُنَّا مُسْتَضْعَفِينَ فِي الْأَرْضِ

قَالُوا أَلَمْ تَكُنْ أَرْضُ اللَّهِ وَسِعَةً فَتُهَاجِرُوا فِيهَا فَأُولَٰئِكَ مَأْوَاهُمْ جَهَنَّمُ وَ سَاءَتْ مَصِيرًا . إِلَّا

الْمُسْتَضْعَفِينَ مِنَ الرِّجَالِ وَ النِّسَاءِ وَ الْوِلْدَانِ لاَ يَسْتَطِيعُونَ حِيلَةً وَ لاَ يَهْتَدُونَ سَبِيلاً.

فَأُوْلَـئِكَ عَسَى اللهُ أَنْ يَعْفُوَ عَنْهُم وَ كَانَ اللهُ عَفُوًّا غَفُورًا ﴾ [سورة النساء: ٩٧-٩٩].

**{Баккъалла а шаьш шайна зуламхой а болуш (АллахӀана Ӏеса хиларца) малайкаша дӀакхалхош берш, цаьрга эр ду: шу муьлха хьолахь дара? Цара эр ду: тхо гӀор доцуш дара латта тӀехь. Цара (малайкаша) эр ду: АллахӀан латта шорта дацара шуна аш цу тӀехь хӀижрат дан? Уьш шайн боьрза меттиг жоьжагӀате ерш бу, ма вон воьрза меттиг а юкха (иза). (Царна юкъа богӀуш бац) божарех а зударех а берех а гӀора доцурш, кӀелхьарабовлийла ца карош болу, некъ а ца хууш болу. Уьш бу АллахӀа шайна гечдан а къинтӀера вала а там берш, ткъа АллахӀ ву къинтӀера волуш а гечдеш а}**
[Сурат "Аннисаъ" 97-99 аяташ].

Кхин АллахӀан дош а ду:

﴿يَعِبَادِيَ الَّذِينَ ءَامَنُوا إِنَّ أَرْضِي وَاسِعَةٌ فَإِيَّيِ فَاعْبُدُونِ﴾ [سورة العنكبوت: الآية ٥٦].

**{ХӀай иман диллина болу Сан лайш! Баккъалла а Сан латта шорта ду шуна, ткъа аш Суна цхьанна Ӏибадат де}** [Сурат "АлӀанкабут" 56 аят].

БагӀавий цӀе йолчу Ӏелам стага аьлла: "ХӀара аят доссаран бахьана ду Маккахь хӀижрат а ца деш биссина хилла болу бусалба нах. Дала цаьрга кхайкхина Иманан цӀарца".

ХӀижрат даран хьокъехь Суннатера тешалла ду Пайхамаран -Делера салават салам хуьлда цунна - дош: "ХӀижрат дӀахедар дац тоба дӀахаддалц, ткъа тоба

дIахедар дац малхбузехьара малх схьакхетталц".

Мединатехь вайн Пайхамар -Делера салават салам хуьлда цунна - сецначул тIаьхьа тIедехкина цунна Дала диссина долу бусалба динан гIуллакхаш а, Iамалш а, закат а, марха а, хьадж дар а, азан дар а, ДжихIад а, диканиг де алар а, вониг ма де алар а санна, иштта кхин йолу Iамалш а.

Оцунна тIехь лаьттина иза Мединатехь итт шарахь, тIаккха дIакхелхина иза - Делера салават салам хуьлда цунна -, амма цуьнан дин диссина.

Цхьа а дика дитина дац цуьнан дино цунна уммат тIенисдина бен, я вон а дац цо уммат цуьнах лардина бен. Цо шена тIенисвина долу дика - Тавхьид ду, Дела цхьаъ вар ду, Далла дезаш а Иза реза мел волу хIума а ду.

Оцу дино духатоьхна долу вон хIума - ширк ду, АллахIана цадезаш долу а, Цо духа мел тухуш долу хIумнаш а ду.

АллахIа вайн Элча массо адамашна ваийтина ву, цунна муьтIахь хилар жинашна а адамашна а тIедиллина а ду. Тешалла ду АллахIан дош:

﴿ قُلْ يَـاأَيُّهَا النَّاسُ إِنِّى رَسُولُ اللهِ إِلَيْكُمْ جَمِيعًا ﴾ [سورة الأعراف: الآية ١٥٨].

**{Ахь ала: ХIай адамаш! Со шуна массарна (ваийтина волу) элча ву}**

[Сурат "АлъаIраф" 158 аят].

АллахIа цуьнца дуьзна кхочушдина Шен бусалба дин.

Тешалла ду АллахIан дош:

﴿ الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَ أَتْمَمْتُ عَلَيْكُمْ نِعْمَتِى وَ رَضِيتُ لَكُمُ الإِسْلَـٰمَ دِينًا ﴾

[سورة المائدة: الآية ٣].

**{Тахана Ас дуьзна кхочуш ди шуна шун дин, шуна тIехь Сайн ниIмат кхочуш а ди Ас, Ислам шун дин хила реза а хили Со}** [Сурат "Алмаидат" 3 аят]

Пайхамар валаран тешалла ду АллахIан дош:

﴿ إِنَّكَ مَيِّتٌ وَ إِنَّهُم مَّيِّتُونَ . ثُمَّ إِنَّكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ عِنْدَ رَبِّكُمْ تَخْتَصِمُونَ ﴾ [سورة الزمر:الآيتان ٣٠–٣١].

**{Баккъалла а хьо а лийр волуш ву, уьш а лийр болуш бу. Цул тIаьхьа баккъалла а къемат дийнахь шайн Далла гергахь шу къийса а лур ду}** [Сурат "Аззумар" 30-31 аяташ].

Адамаш деллачул тIаьхьа юха хьалагIовттор долуш ду, цуьнан тешалла АллахIан дош ду:

﴿ مِنْهَا خَلَقْنَـٰكُمْ وَ فِيهَا نُعِيدُكُمْ وَ مِنْهَا نُخْرِجُكُمْ تَارَةً أُخْرَىٰ ﴾ [سورة طه: الآية ٥٥].

**{Оха цуьнах (латтанах) кхоьллина шу, цуьнга дерзор а ду шу, цуьнах юха а хьаладохур а ду шу}**
[Сурат "ТIахIа" 55 аят].

Кхин а АллахIан дош ду:

﴿ وَ اللهُ أَنبَتَكُم مِّنَ الأَرْضِ نَبَاتًا . ثُمَّ يُعِيدُكُمْ فِيهَا وَ يُخْرِجُكُمْ إِخْرَاجًا ﴾

[سورة نوح: الآيتان ١٧–١٨].

**{АллахIа шу кхиийра латтанах кхиорца. Цо шу дерзор а ду юха цуьнга дерзорца, тIаккха хьала а дохур ду (латтанаха) хьаладахарца}**
[Сурат "Нухь" 17-18 аяташ].

Адамаш гIиттийначул тIаьхьа царна хьесап дийр долуш а ду, шайн Iамалашка хьаьжжина бекхам бийр болуш а бу. Тешалла ду АллахIан дош:

﴿وَ لِلَّهِ مَا فِى السَّمَوَٰتِ وَ مَا فِى الأَرْضِ لِيَجْزِىَ الَّذِينَ أَسَـٰءُوا بِمَا عَمِلُواْ وَ يَجْزِىَ الَّذِينَ أَحْسَنُواْ بِالْحُسْنَى﴾ [سورة النجم: الآية ٣١].

**{АллахIан ду стигланашкахь а латта тIехь а дерг, вон динчарна бекхам бархьама цара динчуьнца, дика динчарна бекхам а бан диканца}** [Сурат "Аннажм" 31 аят].

ГIовттор хилар харцдеш верг куфр (керстаналла) деш ву. Цуьнан тешалла ду АллахIан дош:

﴿زَعَمَ الَّذِينَ كَفَرُوا أَن لَّن يُبْعَثُوا قُلْ بَلَى وَ رَبِّى لَتُبْعَثُنَّ ثُمَّ لَتُنَبَّؤُنَّ بِمَا عَمِلْتُمْ وَ ذَلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرٌ﴾ [سورة التغابن: الآية ٧].

**{Моьттина АллахIах ца тешачарна шаьш гIовттор дац аьлла, ахь ала: муххале а, сан Делор, шу гIовттор а ма ду, тIаккха шуна хаийтур а ма ду аш динарг, и дар АллахIана атта а ма ду}** [Сурат "АттагIабун" 7 аят].

Дала массо Элчанаш кхерам а луш, кхаъ а боккхуш бахкийтина бу. Тешалла ду АллахIан дош:

﴿رُسُلاً مُبَشِّرِينَ وَ مُنْذِرِينَ لِئَلاَّ يَكُونَ لِلنَّاسِ عَلَى اللَّهِ حُجَّةٌ بَعْدَ الرُّسُلِ﴾

[سورة النساء: الآية ١٦٥].

**{(Ас бахкийтина) Элчанаш, кхаъ боккхуш болу, кхерам луш а болу, нахана цахилийта элчанел тІаьхьа АллахІана хьалха тешалла}** [Сурат "Аннисаъ" 165 аят].

Элчанех хьалхарниг Нухь ву - Делера салам маршалла хуьлда цунна -, тІаххьарниг Мухьаммад ву - Делера салават а салам а хуьлда цунна -, иза пайхамарийн мохІур ду (цул тІаьхьа кхин Пайхамар а Элча а вац).

Церах хьалхарниг Нухь хиларан тешалла ду АллахІан дош:

﴿إِنَّا أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ كَمَا أَوْحَيْنَا إِلَى نُوحٍ وَالنَّبِيِّينَ مِن بَعْدِهِ﴾ [سورة النساء: ١٦٣].

**{Оха хьоьга вахьйу дина, Нухь-пайхамаре а цул тІаьхьа хиллачу пайхамаршка а вахьйу даре терра}** [Сурат "Аннисаъ" 163 аят].

Нухьана тІера дуьйна схьа Мухьаммадна тІекхаччалц долчу массо умматашна АллахІа элчанаш бахийтина, Шена цхьанна Іибадат де аьлла царна омру а дина, "тІагІутана" Іибадат дар а цамагийна.

Тешалла ду АллахІан дош:

﴿وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولاً أَنِ اعْبُدُوا اللهَ وَاجْتَنِبُوا الطَّاغُوتَ﴾

[سورة النحل: الآية ٣٦].

**{Баккъалла а Оха вахийтина массо умматана элча - АллахІана Іибадат а де, тІагІутах лар а ло аьлла}** [Сурат "Аннахьл" 36 аят].

АллахІа массо лайшна тІедиллина Шех тешар,

тIагIутах ца тешар, иза харц а деш. Ибнул-Къаййима - Дала къинхетам бойла цуьнах - аьлла: "ТIагIут бохучуьнан маьIна ду - Iибадат дарехь а, тIаьхьавазарехь а, муьтIахь хиларехь а Дала шена тоьхна долчу дозанал тIехволуш долу хIума. ТIагIуташ дукха ду, церан кортош пхиъ ду: Дала Шен къинхетамах гена даьккхина долу Иблис ду, ша реза а волуш шена Iибадат дайтинарг а ву, шена Iибадат даре нах кхайкхинарг а ву, къайлах дерг шена хаьа бохург а ву, АллахIа доссийна доцучуьнца хьукм деш верг а ву".

Тешалла АллахIан дош ду:

﴿لاَ إِكْرَاهَ فِى الدِّينِ قَد تَّبَيَّنَ الرُّشْدُ مِنَ الغَيِّ فَمَنْ يَكْفُرْ بِالطَّاغُوتِ وَيُؤْمِنْ بِاللهِ فَقَدِ اسْتَمْسَكَ بِالْعُرْوَةِ الْوُثْقَى لاَ انْفِصَامَ لَهَا وَاللهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ﴾ [سورة البقرة: الآية ٢٥٦].

**{Дегаза дин тIелацийтар (мегаш) дац, билгалъялла нийсо тиларха, ткъа тIагIутаца куфр а дина (иза Iад а дитина) АллахIаца иман диллинарг (Цуьнах тешнарг) - иза хили чIогIачу, ондачу, хедар доцучу дазарехь (Исламехь), АллахI Хезаш а Хууш а ву}**
[Сурат "Албакъарат" 256 аят].

ХIара ду - "лаилахIа иллаллахI" - АллахI воцург кхин дела вац бохучуьнан маьIна. Хьадисехь деана ду: "Белхан корта Ислам ду, цуьнан бIогIам ламаз ду, цуьнан лакхалла (уггаре лекха барам) Делан дуьхьа Делан некъахь ДжихIад (ГIазот) дар ду".

Ткъа массарел дика хууш верг АллахI ву.

"Кхо бух" олу жайна чекхдели.